Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 45 (6506) 26 сентябрь 2016 с. Итни ЗулхIижжа 1437 с. Багьа 5 гъур.




БАРКИ

## 27 сентябрь – тарбия кьолезул къо

**27 сентябрь ккола тарбия кьолезул ва школалъул гIумруялде рахинчIел лъималазул учреждениязул хIалтIухъанасул къо.**

Жидерго махщалилаб байрамалде хIалтIулъ лъикIал хIасилалги росун дандчIвай гьабулеб буго Гумбет районалъул росабалъ ругел ясли-ахазул ва школазда цере рагьарал лъималазул учреждениязул тарбия кьолезги цогидал хIалтIухъабазги.

РакI-ракIалъ баркула лъималазул учреждениязул хIалтIухъабазда байрам – школалда цебесеб лъай ва тарбия кьеялъул хIалтIухъанасул къо.

Гьарула нужее талихI, рохел, гьабулеб ишалъул икъбал, тIурайги рекIел мурадал, кьеги халатаб гIумруги щулияб сахлъиги. Биччанте нужееги, нужеца хъулухъ гьабулел, тарбия кьолел ругел лъималазеги кидаго букIине гвангъараб бакъ ва роцIцIараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

СОВЕТАЗДЕ ЩАЛ РИЩИЛЕЛ

## 10 920 гьаракь...

### Дагъистаналъул парламенталъул вице-спикер СайгидахIмад АхIмадовас Гумбеталда гьаракь кьуна

**2016 соналъул 18 сентябралда РФялъул Пачалихъияб Думаялде ва ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищиялъе рищиязул цогояб къоялъ Гумбет районалда «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул 0294 рищиязул участкаялда гьаракь кьуна Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахIмад АхIмадовас.**

Республикаялъул парламенталъул вице-спикерасда цадахъ, 0294 рищиязул участкаялда жиндирго гражданлъиялъулаб налъи тIубазабуна ЦIияблак районалдаса тумал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIидасан гIуцIиялъул суалазул рахъалъ Дагъистан Республикаялъул хIукуматалъул управлениялъул начальник **МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.**

Гумбеталда рищиял гIуцIакъан ана. Цо-цо рищиязул участкабазда сагIат 11ялде районалда сияхIалде восарав 10920 избирателасул 50 %, къад сагIат кIиго тIубалелде 63% гьаркьазул кьун букIана.

**«Гумбет» РИО**



«ЦОГОЯБ РОССИЯ» БЕРГЬАНА

## Федералияб рищиязул округалдасан РФялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде депутатал рищиялъе политикиял партиязе Гумбет районалдасан гьаркьал кьеялъул хIасилал

**Гумбет районалъул избирателаз 32 рищиязул участкаялдасан гьаркьал кьуна. Рищиязда гIахьаллъи гьабуна 10517 избирателас яги 96,31 проценталъ. ХIакъикъияб батана 10502 рищиязул бюллетень, хIакъикъияб гуреб – 15 бюллетень.**

ТIолгороссиялъул «Цогояб Россия» политикияб партиялъе 10244 гьаракь (97,4%), Россиялъул Федерациялъул Коммунист партиялъе 129 (1,23%), «РитIухъаб Россия» партиялъе 120 (1,14%), ЛДПРалъе 6 (0,6%), «Партия роста» партиялъе 2 (0,02 %), «Россиялъул экологиялъул «ГIурччинал» партиялъе цо гьаракь щвана. Цогидал партиязе цониги избирателас гьаракь кьечIо.

**Гумбет районалъул территориалияб рищиязул комиссия**



НОМЕРАЛДА РУГО:



Нужер божилъи ритIухъ гьабила -2 гьум.



Бакълъулазул улкаялде рагьараб гордо -2 гьум.



«Дихъ ралагьун чIа, мугIрул!» -3 гьум.



Умумузул бахIарчияб ирс -3 гьум.

РИЩИЯЛ-2016

## Халкъалъ божилъи гьабуна ГIабдулмажид Маграмовасда

### Россиялъул Федерациялъул анкьабилеб ахIиялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялде депутатал рищиялъе Гумбет районалда тIоритIарал рищиязул хIасилал

**ХIалтIулеб букIана 32 рищиязул комиссия. Участковиял рищиязул комиссиязухъе кьун букIана 10650 бюллетень. Гьаракь кьун буго 10517 чияс, хIакъикъияб гуреблъун рикIкIана 6 бюллетень. Рищиязда гIахьаллъи гьабун буго избирателазул 96,31%.**

Дагъистан Республикаялда гIуцIараб Югалъул цо мандаталъул рищиязул № 12 округалда гъорлъе кколеб Гумбет районалдасан Пачалихъияб Думаялде рищизе хъвай-хъвагIай гьабурал кандидатазе гьаркьал щвана:

**Маграмов ГIабдулмажид Варисовичасе** – 9862 (93,77 %).

**Хархаров Абусупьян МухIамадовичасе** – 412 (3,92 %).

**Эседов Альберт ГIабдурахIмановичасе** – 232 (2,21 %).

**ХIажиев ХIажимурад ГIабдулхаликъовичасе** – 3 (0,03 %).

**ГIабдурахIманов ГьаЙирбег МухIамадовичасе** – 1 (0,01%).

**ИбрагьимхIажиев ИбрагьимхIажи МухIамадхIасановичасе** – 1 (0,01 %).

Избирателазул цониги чияс гьаракь кьечIо рищиязул бюллетеналда хъвай-хъвагIай гьабурал кандидатал **Акулиничев Сергей Вячеславовичасе, Жафаров Ирасхан Раджабовичасе, Джиккаев Владимир Мелитоновичасе, ГIумаров Дада Расуловичасе, Юзик Юлия Викторовналъе.**

**Гумбет районалъул территориалияб рищиязул комиссия**

## Жеги щуго соналъ – халкъалъе хъулухъалда

### Дагъистан Республикаялъул анкьабилеб ахIиялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищиялъул хIасилал

**Гумбет районалда 32 участковияб рищиязул комиссиялда тIоритIана ДРялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищи. Гьаракь кьеялда гIахьаллъана 10517 избиратель (96,31%) хIакъикъияб гуреб 9 бюллетень батана. 10 батIияб партиялдасан хъвай-хъвагIай гьабун букIана кандидатазул.**

«Цогояб Россия» политическияб партиялъе 9316 гьаракь (88,58%), «РитIухъаб Россия» партиялъе 635 (6,04%), Россиялъул Федерациялъул Коммунист партиялъе 480 (4,564%), Россия цIигьабиялъул партиялъе 21 (0,2%), ЛДПРалъе 3 (0,03%) гьаракь щвана. «Россиялъул патриотал», «Россиялъул ахикхъабазул партия», «ЗахIматалъул Союз», «Ротфронт» партиязе цониги гьаракь щвечIо.

**Гумбет районалъул территориалияб рищиязул комиссия**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТАРИХ: СОН, ЖАКЪА, МЕТЕР

## Бакълъулазул улкаялде рагьараб гордо

### Журналистазул объективалда бакълъулазул ракь

**Гумбет районалъул росабалъ тIобитIана ирградулаб пресс-тур. Информациялъулаб «Гумбет» отделалъ ва «Виар» Медиа-студиялъ гIуцIана Гумбет районалъул росабазул тарихиял ва тIабигIиял памятниказул суратал рахъи, видеоматериал хIадури.**



Гумбеталда абула бакъул улкаян, бакъулал кьоял нилъер гьанир гIемер рукIуна. Бакълъулазул ракь машгъураб буго куракул ва цогидал пихъазул къанагIатал сортаздалъун.

«Пресс-туралъул заманалда рахъарал суратазда ва видеоялдаса пайда босизе буго Гумбет районалъул хIакъалъулъ документалиял фильмал рахъулаго, тIахьазда, брошюрабазда лъезе, календарал, баннерал ва цогидаб продукция хIадурулаго. Нилъер ракьалъул тIабигIаталъул берцинлъи, гIадамазул бахIарчиял ишал загьир гьаризе руго гьелъ», - ян абуна информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъул нухмалъулев **ХIамзат ГIизудиновас.**

Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъ гIемер тIоритIула этнотуризм цебетIезе, районалде инвестициял рачIиналъе квербакъи гьабулел пресс-турал ва цогидалги тадбирал.

**«Гумбет» РИО**

ДЕПУТАТАСУЛ РАГIИ

## Нужер божилъи ритIухъ гьабила



**ХIурматиял ракьцоял!**

**РакI-ракIалъ баркала загьир гьабула Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялде депутатал рищулаго диде божилъи гьабурал кинालго избирателазе.**

Нужеца дие гIоло гьаракь кьуна ва дида тIаде ккана кIудияб жавабчилъи. ДРялъул Халкъияб Собраниялде вищарав депутатас тIуразе ккола, экономикаялъул ахIвал-хIал захIмалъиялде ккараб гьаб заманалда, жавабиял масъалаби. Цере лъурал мурадалги анищалги гIумруялде рахъинариялъе дир лъайги хIалбихьиги гIураб буго. Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул цогидал депутаталгун, Гумбет районалъул, республикаялъул нухмалъулелгун цадахъ, дица кинабго кьуват буссинабизе буго рищиязул кампаниялъул заманалда кьурал тIадкъаял тIуразе, район, Дагъистан цебетIезабиялде.

**ХIурматгун,**
**НурмухIамад ГIалиев**

БАРКУЛА

## Мандат баракатаб батаги!

**ХIурматияв НурмухIамад ГIалиев!**

**РакI-ракIалъ баркула дуда Дагъистан Республикаялъул анлъабилеб ахIиялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун вищи. Парламенталда хIалтIун хIалбихьи щварав дуца гьаб нухалда дурго ракьцоязе, Гумбет районалъул гIадамазе хъулухъ дагьабги лъикI гьабизе букIиналда нижер ракIчIола.**

Гьарула щулияб сахлъи, талихI-рохалил цIураб халатаб гIумру, гьабулеб ишалъулъ икьбал. Мун нижедасаги разилъун, ниж дудаса разилъун нухда тIамизе хъван батаги Халкъияб Собраниялде депутатлъун вищараб болжал. ТIадегIанав Аллагьас хIалкьеги ракIалда буго лъикIабщинаб гIумруялде бахъинабизе. Амин.

**ХIурматгун,**
**бакълъулазул росабазул жамагIат**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

## Бергъоб магIарде нухал къачIана

### ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIуна

**Магъилъе ва Бергъоб магIарде нухал хун рукIин хIисабалдеги босун, Килалъ росдал администрациялъ тIобитIана субботник. Абизе бегьила гьеб кьоялъ росулъ чиго хутIун ватиларин. 8 километралъул манзилалда нухда рукIана гьабадамал, хIалтIул алаталги росун.**

ХIалтIана 3 бригадаялдеги рикьун ва къалъилалде нухал гьаруна, къварилъи гьечIого гьитIинал машинабиги Бергъоб магIарде унеб хIалалъ. ЧIвана бакI-бакIалда чабах. ЖамагIат рекъон гьабураб гьеб хIалтIул хIасил, росдаего кIудияб пайда кьолеблъун лъугьана. Бецараб хер, хурзабахъа бакIарараб хIалухъин рокъобе босизе щибго захIмалъи гьечIо гьанже. Мисал бихьизабун гьенир хIалтIана пенсионерал **Кунта ХIажиев, ХIасбулагь МухIамадов, Ибрагьим Шарипов, Абакар ХIажимухIамадов, ГIалимирза МухIамадов.**

**Исрапил Заирбегов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Данухъ – чанцIулго бухIараб, рухI гучаб росу

### ЦIияб Данухъ цIияб мажгит балеб буго

**Жибго гьитIинаб букIаниги, Данухъ росу, бечедаб тарихалъул, гIемерал лъугьа-бахъиназда гьоркьобе ккараб, киназего машгъураблъун букIана. ГьаниБ къокъго рехсани, гьеб росу XIX гIасруялда лъабго нухалъ бухIана, гIадамал къватIиреги гъун, чанго соназ чIобого букIана.**

МугIруздаса тIурал гIансаз чанго нухалъ гIадамазул рукъзал росун ун, гIемераб зарал кьуна, ккана росдал гIадамал хварал хIужабигицин.

Кинаб къварилъи бихьаниги, къуркьичIого, жанибго тIубалаан гьеб дир росуцояз. Гьаб росдал гIадамаз гIемерал нухлулал хвасар гьаруна. Риидалги хIинкъи букIунеб ХIариб магIарда, хасало гIазукьа рахъун, туртинир лъун, росулъе рачIун. Цебе заманалъ гьенир кисаялигицин лъаларел хварал гIадамал, гIазу биун хадур, ихдал ратулаан . Гьел цIар лъаларезул гIемерал хабал руго нижер хабалалъ. Гьаб росдал гIадамаз гIемерал гьалбал, нухалги къан, анкьаз – моцIаз хьихьулаан. Жидерго лъималаздаса бальго гьалбадерие цIунулаан гьединги мукъсанаб квен-тIех.

БукIинчIо МЧС, букIинчIо кисанго кумек, амма сверухъ ругел росабазги гьабулаан кумек. РакIалда буго 1972-абилеб соналъ, гIазулъ тIерхьараб росулъе рачIун, иргъелдерица гьабураб кумек, гьез бачIана бухIизе цIул, чанго кьоялъ бахъана гIазу.

Кинго магIарухъ яшав захIмат букIиналъ, 1990-абилеб соналъ данхъал Архъабаш хъуталалде гочана.

Къваридабго бакIалда яшав гьабун руго ЦIияб Данухъ росдал 160 магIишат. КинабгIаги кумек хIукуматалъул щвечIо: газ жидерго къуваталъ бачана, лъим жидецаго бахъана, нухал гьаруна.

Гьениб мажгит бана росулъа Хасавюрталда яшав гьабулел ругел росуцояз. Гьеб маж-гит гьитIинлъун, гьале базе байбихьана кIудияб кIиго тIала бугеб, гьанжесеб къагIидаялъ цвалде щун гьабулеб, берцинаб мажгит.

Гьеб хабар лъан, , ЧIиркъатIа росулъа рачIун, 15 диналъул вацас, цо кьоялъ хIалхьиялъе лъалхьичIого, росдал гIадамалгун цадахъ цо тIалаялъул къед гьабун лъугIизабуна. Гьел гIолохъабаз бихьизабуна бусурбабазул бищунго лъикIаб гIамал-хасият. Гьел лъимадаго ахIун рачIинчIо, гьел рачIана, Аллагьасе гIоло жидеего киридахъ кумек гьабизе. Гьез щула гьабуна кIиябго росдал вацлъиги, гьудуллъиги, гьуинлъиги. Данхъадерил жамагIаталда кидаго кIочене гьечIо гьел муъминзабаз гьабураб кумек ва росдал жамагIаталъул рахъалдасан гьезие азарабго баркалаги буго. Аллагьас къабул гьабун батайги гьеб нужер лъикIаб гIамал ва аза-азар нухалъ цIикIкIинарун ратайги нужее гьелъул даражабиги. НижгIанги Аллагьги разилъаги нужедаса. Амин! Амин! Амин!

Бокьилаан «Гумбет» газеталдасан гьезие нижер рахъалдасан баркала кьезе.

**Росдал жамагIаталъул гьариялда рекъон хъвана ГIабдулманапил вас МухIамадзапирица**

МагIарулаз улка берцин гьабуна,
Имамзабаз Кавказ кенчIезабуна.
Игьалиса Чупалав



КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Дихъ ралагьун чIа, мугIрул!»

### Гумбет районалъул делегациялъ гIахьаллъи гьабуна Багъатар ХIажиев гьавуралдаса 65 сон тIубаялъул тадбиралда

**Гъуниб районалъул Къорода росдал маданияб рокъор тIоритIана хъвадарухъан Багъатар ХIажиев гьавуралдаса 65 сон тIубаялъе сайгъат гьарурал литературияб тадбирал. Информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновасул нухмалъиялда хъвадарухъанасул юбилей кIодо гьабиялда гIахьаллъана Гумбет районалдаса делегацияги.**




Тадбир бачана Гъуниб районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъан **МуртазагIали МухIамадовас** ва Аваразул газетазул ассоциациялъул гIуцIиялъул комитеталъул нухмалъулей **Зайнаб ГIалимирзаевалъ.**

Багъатар ХIажиевасул юбилеялъулал тадбиразда баркиялъулал кIалъаял гьаруна Гъуниб районалъул бетIер **Пахрудин МухIамадовас,** Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член **ХIамзат ГIизудиновас,** шагIир **ТубхIат Зургъаловалъ,** Шамил районалъул культураялъул управлениялъул нухмалъулев **Гъапур ГIабдулмухIамадовас.**

Багъатар ХIажиевасул хIакъалъулъ ракIалдещвеял гьаруна гьесул классцояз. Хъвадарухъанасул яс, жамгIиябгун политикияб, щибаб анкьалъ къватIибе биччалеб «Миллат» газеталъул бетIерай редактор **Зульфия ХIажиевалъ** абуна хъвадарухъанасул тIехь бахъизе асарал данде гьарун ругин.

«26 соналдего гIумруялдаса ватIалъарав Багъатар ХIажиевас нахъе тун буго гвангъараб, махщалида хъвараб, такраръи гьечIеб творческияб ирс. «Севералда бугеб дир мильирщо», «Дихъ ралагьун чIа, мугIрул» абурал къисаби ва цогидалги асарал Багъатар ХIажиевас хъван руго бечедаб мацIалдалъун, тIадегIанаб художественнияб къагIидаялда. Лъабкъоабилел, лъабкъоялда анцIабилел соназул хъвадарухъабазда Багъатарилъ бихьулеб букIана цIия-цIиял литературиял тIогьазде вахине бугеб къуват, хъвадаризе бугеб махщел. ТалихI къосараб ишалдалъун 1977 соналъ гIумруялдаса ватIалъана Багъатар. ГIумруялъул 26 сон гурони бачIониги, хъвадарухъанас хъвана магIна гъваридал, аваразул ва Дагъистаналъул литератураялда хазиналъун хутIарал асарал», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

Гумбеталъул делегациялда гьоркьор рукIана щибаб анкьалъ бахъулеб «Гумбет» газеталъул жавабияй секретарь **Къурмагъиз ХIадисова,** фотомухбир **Гебек Гебеков,** дизайнер ва оператор **ГIабдулхIамид ГIабдулкъадиров,** МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул мугIалим **ХIабизат Амагаева,** гьелъул цIалдохъан, районалъул ва республикаялъул конкурсазда кучIдул рекIехъе рикIкIиналъе тIоцересел бакIал ккурай **Макка Ахкубегова** ва цогидалги. Къородисезул клубалда тIобитIараб данделъиялда гьелъ рекIехъе рикIкIана Багъатар ХIажиевасул «БацIцIе гьеб магIу» абураб кечI.

Багъатар ХIажиевас 65 сон тIубай кIодо гьабизе данделъун рукIарал хадур ана Къородисезул къварилъухъе.

**«Гумбет» РИО**

ВОРЕ ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

## Гумбет районалда тIобитIана хIисаб гIелмуялъул мугIалимзабазул данделъи

**Гумбет районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана хIисаб гIелмуялъул мугIалимзабазул данделъи. ГIахьаллъи гьабуна 17 мугIалимас.**




Гьенир дандрана араб цIалул соналъ хIисаб гIелмуялъул экзаменал кьолаго ккарал хIасилазул, 2017 соналъ аттестациялде хIадурлъиялъул, 5-6 классазда хIисаб гIелму малъиялъул федералияб пачалихъиял стандартал тIураялъул масъалабазул хIакъалъулъ суалал.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул информациялъулабгун методикияб централъул нухмалъулев **Загьид ХIусейновас** бицана хIисаб гIелмуялъул цогояб пачалихъияб экзамен кьолаго росарал лъикIал хIасилазул. ФГОС 5-6 классазда хIалтIизабиялъул хIалбихьи кьолеллъун рукIана кIалъаял хIисаб гIелмуялъул методикияб цолъиялъул нухмалъулев **Дибир ХIажиевасул,** Игьали школалъул хIисаб гIелмуялъул ва информатикаялъул мугIалим **МуртазагIали ХIажимурадовасул,** ЛъаратIа школалъул хIисаб гIелмуялъул мугIалим **Нурият ГIалиевалъул.**

ПагIму-гъунар бугел лъимазул интерналъул нухмалъулев **Лабазан ХIажиевас** бицана хIисаб гIелмуялъе пагьму бугел лъимал тIаса рищиялъе лъайкьеялъул учреждениязгьабулеб бугеб хIалтIул, цIияб цIалул соналъ интерналда гьаризе хIисабалде росарал тадбиразул.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

# Таксометр, лицензия...

### Нухлулал раччиялъе ихтияр – МФЦялдасан

**Дагъистан Республикаялъул пачалихъиял хъулухъазул централдасан тIубазе рес буго нухлулал (пассажирал) автотранспорталъ раччиялъе шоферазабазе ихтияр кьей. Гьединаб хъулухъ тIубазе гьанже тахшагьаралде ине кколаро.**



ГIемерфункциялъулаб централде документал кьун хадуб, гIарза кьурас лицензия щвеялда цебесеб халгьаби тIобитIула. Нухлулал раччиялъул хIалтIи гьабилелде, гIарза кьурас тIадаб куцалда сапаралъ вахъинелде медицинаялъул халгьаби тIобитIизе, машинаялъул техническияб халгьабизе ккола.

Транспорталда лъезе ккола таксометр. МоцIрол болжалалда документазул халгьабун лъугIизабула ва шоферасе кьола лицензия. Россиялъул Федерациялдаго гьеб хIалтIизабизе бегьиялъул болжал цого буго – 5 сон.

«Дир документал» централда пачалихъиял хъулухъал мухь босичIого гьарула. Лицензия щвезе кьезе ккола пачалихъияб пошлинаялъул 912 гъурущ. Пачалихъиял хъулухъазул централда лъун руго терминаторал.

МФЦялъул хIалтIухъабаз шоферасухъа къабул гьарула документал. Лицензия кьей-кьунгутIиялъул суал тIубазабула Дагъистан Республикаялъул транспорталъул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министерстволъ.

**МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиал**

НУХАЛ РИТIАГИ

# Нухалги, гIадамалги, гIадлуялъе ГАИги

### ЦIодорлъиялъ цIунула балагьаздаса

**Гумбет районалъул Килалъ росулъ ахIана жамагIаталъул данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна нухазда хьвадиялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хIакъалъулъ суал.**

Гьеб суалалда тIасан кIалъай гьабуна Гумбет районалъул ОГИБДДялъул нухмалъулесул заместитель **АхIмадбег Загьидовас.** «Цебе нильер росдал рагIалде гурони машина бачIунеб букIун батичIони, жакъа къоялде машина унареб къватI къанагIат гурони гьечIо, гьединлъидал росулъ машинаби хьвадиялъул къагIидаби цIуниялде кIудияб кIвар кьезе ккола. Кколел руго хIужаби машинаби цIикIкIараб хехлъиялда рачиналъул. Техникияб халгьаби тIобитIичIел машинаби руго, бачине ихтияр гьечIез машинаби рачиналъул хIужаби загьирлъулел руго. Гьединлъидал нуж ахIулел руго нухазда хьвадиялъул къагIидаби кIвар кьун цIунизе. Росулъ жанир къватIазда машинабиги лъечIого тезе» - ян абуна Загьидовас.

Данделъиялда кIалъаял гьаруна росдал имам **МухIамад МухIамадовас, МухIамад СагIидовас, МухIамад Ибрагьимовас, СултIан МухIамадовас.**

**Исрапил Заирбегов**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ...

# Умумузул бахIарчияб ирс

**Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къоялда хурхарал гIемерал тадбирал тIоритIана Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъул музеялъул ЧIиркъатIа бугеб филиалалда.**

Дагъистаналъул историялъул дарс кьуна **Заира МухIамадхановалъ.** Музеялъул гIелмияй хIалтIухъан **Нурсият Шихмирзаевалъ** цIалдохъабазулгун гара-чIвари гьабуна нильер умумуз жидерго ракь цIунизе гьабулеб букIараб бахIарчияб къеркьеялъул бицун. Музеялъул хIалтIухъан **ХIабизат Пашаевалъ** гIуцIана нус-нус соназ цебе магIарулаз хIалтIизабулеб букIараб ярагъ ва рукъалъул алат данде гьабураб выставка.

**Ибрагьим Ибрагьимов,**
**Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъул музеялъул ЧIиркъатIа бугеб филиалалъул директор**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

# Единовременная компенсационная выплата в размере 5000 рублей

### Интервью с руководителем отдела Пенсионного фонда России по РД в Гумбетовском районе Далгатом Джамалудиновым

**Гражданам Российской Федерации, постоянно проживающим на ее территории и являющимся получателями страховых пенсий и пенсий по государственному пенсионному обеспечению, в качестве социальной поддержки, принято решение компенсировать индексацию 2016 года в размере 5000 рублей, носящий разовый характер. Данная выплата будет осуществляться в январе 2017 года.**

**В связи с этим, на несколько вопросов ответил руководитель отдела пенсионного фонда России по РД в Гумбетовском районе Далгат Джамалудинов.**

**- Почему выплата осуществляется в январе 2017 года?**

- В настоящее время сложилась достаточно напряженная экономическая ситуация, характеризующаяся весьма ограниченными бюджетными возможностями.

Планируется в ходе исполнения федерального бюджета в 2016 году изыскать необходимые финансовые средства для осуществления этой выплаты. Для этого Правительством РФ будут приняты все необходимые меры. По оценкам потребуется более 200 млрд. рублей.

**- Почему выплата носит разовый характер?**

- В условиях сложившейся экономической ситуации в стране изменен в 2016 году порядок ежегодной индексации пенсий. Ранее, до 2016 года, пенсии индексировались с учетом роста потребительских цен (страховые пенсии) или роста прожиточного минимума пенсионера (пенсии по государственному пенсионному обеспечению).

В 2016 году осуществлена индексация страховых пенсий неработающих пенсионеров с 1 февраля 2016 года на 4%, а с 1 апреля на 4% проиндексированы пенсии по государственному пенсионному обеспечению.

В этой связи принято решение в форме единовременной выплаты компенсировать пенсионерам за оставшийся период 2016 года до проведения новой индексации в 2017 году разницу между показателями инфляции за 2015 год и проведенной с 1 февраля 2016 года индексации.

Размер единовременной выплаты в 5000 рублей примерно соответствуют среднему размеру выплаты, которую получил бы пенсионер при второй индексации.

Компенсационную выплату целесообразно осуществить разово, поскольку это является наиболее удобным способом для пенсионеров, при котором соответствующие суммы гражданин получает сразу.

Осуществление единовременной выплаты коснется около 43 млн. получателей страховых пенсий и пенсии по государственному пенсионному обеспечению - работающих и неработающих.

**- Индексация пенсий в феврале 2016 года проведена только для неработающих пенсионеров. Будет ли осуществляться единовременная выплата работающим пенсионерам?**

- Снижение жизненного уровня, в связи с высоким ростом потребительских цен, затронуло практически всех пенсионеров.

В этих условиях Правительством РФ принято решение осуществить единовременную выплату всем категориям пенсионеров, включая работающих.

**- В каком виде будет осуществлена реализация принятого решения по единовременной выплате?**

- С правовой точки зрения, единовременная выплата - это новое расходное обязательство Российской Федерации, принятое в целях социальной поддержки граждан Российской Федерации, постоянно проживающих на ее территории.

В этой связи, в силу норм Конституции Российской Федерации, реализация решения о единовременной выплате относится к полномочиям законодателя, который должен при согласии с этим решением принять соответствующий федеральный закон.

В указанном федеральном законе должны быть прописаны все существенные условия, касающиеся единовременной выплаты: круг лиц - получателей выплаты, размер выплаты, порядок и условия ее осуществления.

Дано поручение Правительству РФ, такой федеральный закон подготовить для внесения в Государственную Думу Российской Федерации.

**- Каким образом будет проводиться индексация пенсий в 2017 году?**

- В условиях сложившейся экономической ситуации в стране порядок ежегодной индексации пенсий изменен только на 2016 год. Принято решение со следующего 2017 года восстановить индексацию пенсий в полном объеме, исходя из накопленной инфляции предыдущего года для страховых пенсий и по росту уровня ПМП для пенсий по государственному пенсионному обеспечению, то есть в соответствии с базовым федеральным пенсионным законодательством.

Проектом основных характеристик бюджета Пенсионного фонда Российской Федерации на 2017 - 2019 годы предусмотрено увеличение пенсий в соответствии с базовым действующим пенсионным законодательством.

Увеличение страховых пенсий будет осуществлено исходя из индекса роста потребительских цен за прошедший год.

Индексация пенсий по государственному пенсионному обеспечению, включая социальные пенсии, с 1 апреля будет осуществлена с учетом индекса роста прожиточного минимума пенсионера за прошедший год.

**- Войдет ли единовременная выплата в базу для начисления и индексации пенсий в 2017 году?**

- С учетом сложной экономической ситуации и напряженных параметров федерального бюджета принято решение компенсировать индексацию 2016 года в виде самостоятельной новой выплаты, носящей разовый характер, которая является формой социальной поддержки и в состав пенсионного обеспечения не включается. Планируется, что после принятия федерального закона данную компенсационную выплату Пенсионный фонд России будет выплачивать вместе с пенсиями за январь 2017 года.

**РИО «Гумбет»**

# Личный кабинет гражданина – Единый электронный сервис ПФР

### Пенсии и социальные выплаты

**Вы можете:**

подать заявление о назначении пенсии;
подать заявление о способе доставки пенсии;
подать заявление о назначении ежемесячной денежной выплаты;
получить информацию об установленных социальных выплатах;
получить информацию о размере и виде пенсии и иных социальных выплатах;
получить выписку из федерального регистра лиц, имеющих право на получение социальной помощи.

### Материнский (семейный) капитал — МСК

**Вы можете:**

подать заявление о выдаче государственного сертификата на МСК;
подать заявление на получение единовременной выплаты в размере 25000 руб.;
подать заявление о распоряжении средствами МСК;
получить справку о размере (остатке) материнского капитала;
получить информацию о размере (остатке) материнского капитала.

### Формирование пенсионных прав

**Вы можете:**

получить информацию о сформированных пенсионных правах;
заказать выписку о состоянии индивидуального лицевого счёта.

### Управление средствами пенсионных накоплений

**Вы можете подать заявление:**

об отказе от формирования накопительной пенсии;
о замене ранее выбранного страховщика;
о распределении средств пенсионных накоплений между правопреемниками;
о смене страховщика или выборе инвестиционного портфеля управляющей компании.

### Электронные услуги без регистрации

Запись на приём в клиентскую службу ПФР;
заказ справок и документов;
выбрать клиентскую службу ПФР;
направить обращение в ПФР;
задать вопрос онлайн;
пенсионный калькулятор;
сформировать платёжный документ.

**Важно! Доступ к Личному кабинету гражданина могут получить все пользователи, прошедшие регистрацию в Единой системе идентификации и аутентификации (ЕСИА) на сайте госуслуг. www.pfrf.ru пользователи, прошедшие регистрацию в Единой системе**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

**Проводится отбор для подготовки водителей категории «Д» в количестве 2 человека по направлению через отдел военного комиссариата Республики Дагестан по Казбековскому и Гумбетовскому районам, с последующей отправкой в армию. Требования к кандидатам: минимум 11 классов образования, наличие «В» и «С» категории водителя, здоровые и не имеющие судимость.**

Желающим прошу обратиться: с.Дылым Казбековского района, отдел ВК РД по Казбековскому и Гумбеговскому районам. Тел. (279) 21-3 - 02 и 21 3 - 01

**Арсен Магомедов,**
**начальник отдела ВК РД по Казбековскому и Гумбетовскому районам**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.